



Pou Piblikasyon Imedya: 05/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEDIKAS PAK ETA RIVERBANK  
DENNY FARRELL LA**

***Gouvènè a Anonse tou Finisman Pon Pyeton 25 Milyon Dola ki Pote Non Manm  
Asanble Herman “Denny” Farrell la ki pase sou Otowout Vèt Henry Hudson  
Parkway a***

***Manm Asanble a te pran Retrèt li apre li te pase 42 zan Osèvis Piblik***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te onore retrèt Manm Asanble Herman “Denny” Farrell Jr. lè li te dedye Pak Eta moun pi vizite nan Vil New York la pou l vin pote non Pak Eta Riverbank Denny Farrell. Gouvènè a te anonse tou finisman pon espesyal pou pyeton ak siklis ki koute 25 milyon dola, k ap pote non Manm Asanble Herman “Denny” Farrell la tou, ki pase sou Otowout Vèt Henry Hudson Parkway a, epi ki pral amelyore aksè kominote a gen a bò rivaj Rivyè Hudson lan. Farrell te reprezante Harlem, Washington Heights, Hudson Heights, Sugar Hill, ak Hamilton Heights pandan 42 zan nan Ansanble a, sa ki fè li se twazyèm manm k ap sèvi pi lontan nan istwa Asanble Eta New York la (New York State Assembly).

“Modèl sèvis gouvènman Denny an se yon bèl egzanp epi li pa te janm sispann goumen pou sa li kwè, pandan l toujou prè pou l travay ak kòlèg opoze li yo pou travay la fèt”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Antanke yon pyonyè enstrimantal nan etablisman pak la te gen 24 an pase, pa gen lòt pi bon omaj a sèvis li te rann yo pase renonme Pak Eta Riverbank Denny Farrell, ak pon pyeton an ki pase sou otowout vèt Henry Hudson Parkway a, an lonè li. Moniman sa yo pral sèvi kòm yon rapèl de travay Denny te akonpli pou amelyore lavi fanm ak gason nan Vil New York la yo ak atravè tout eta nèt, pou anpil milyon Nouyòkè ak vizitè.”

“Se te yon privilèj pou mwen travay bò kote fanm ak gason k ap goumen chak jou pou yo amelyore lavi Nouyòkè yo, non sèlman nan Zòn Nò Manhattan lan, men tou atravè tout eta a nèt”, **Denny Farrell te deklare.** “Jès Gouvènè a fè a ak dedikas Pak Eta Riverbank Lejislati a fè m santi m pwofondman onore, epi mwen gen anpil espwa jenerasyon lidè k ap vini an pral kontinye kenbe menm prensip ki te fonde New York la yo lè yo kontinye fè sa ki bon pou tout moun nan tout kominote eta sa a.”

Sèvis Manm Asanble Farrell la gen ladan 23 zan kòm prezidan Komite Fason ak Mwayen an (Ways and Means Committee); manm asanble seleksyon kandida lejislati Nwa, Pòtoriken, Ispanofòn ak Azyatik la (Black, Puerto Rican, Hispanic and Asian Legislative Caucus); epi prezidan Komite Labank lan (Banks Committee) pandan plis pase yon deseni, kote li te rive fè pase pwoteksyon monimantal pou konsomatè yo nan endistri kat kredi ak kontra lokasyon machin lan yo. Li te sèvi tou kòm prezidan Pati Demokratik Manhattan lan (Manhattan Democratic Party) pandan 28 an, epi li te pase sis zan kòm prezidan Komite Demokratik Eta New York la (New York State Democratic Committee).

### **Pak Eta Riverbank Denny Farrell la**

Gouvènè a te ofisyèlman renonme pak la an lonè Manm Asanble Herman “Denny” Farrell nan yon seremoni kote te gen plis pase 325 diyitè ak rezidan. Pak Eta Riverbank Denny Farrell la se yon etablisman lwazi ki gen bèl peyizaj ki mezire 11,33 ekta, a plizyè nivo epi ki elve a 69 pye pi wo pase Rivyè Hudson lan. Konsèp pak la te la depi ane 1960 yo lè Vil la te resevwa lòd federal pou yo te konstwi yon izin tretman dlo egou apre te gen dlo egou soti Manhattan yo te vide dirèkteman nan rivyè Hudson lan. Desizyon Vil la te pran pou yo konstwi yon izin sou Rivyè Hudson lan nan West Harlem, te lakoz lidè kominote yo mande pou yo konstwi yon pak sou do etablisman an - yon bagay ki te fèt deja sèlman Ojapon. Apre yo te eli Gouvènè Mario Cuomo an 1982, Manm Asanble Farrell te travay ak Gouvènè a pou yo finanse pak la. Gouvènè Mario Cuomo te selebre ouvèti pak la jou 27 Me 1993 la - apre anpil ane yo te pase ap konsevwa ak konstwi li - se te premye pak eta nan Manhattan.

Depi ouvèti pak la, Farrell te rete yon defansè san pran souf k ap defann enterè pak la epi li se yon vizitè regilye ki konn ale la. Pak la akeyi 3.1 milyon vizitè chak ane epi li vin agrandi pase a katyèm pak eta moun plis vizite nan Eta New York la, ansanm ak pak yo plis vizite nan Vil New York. Depi 2012, Farrell te sipòte investisman 11.9 milyon dola eta ap fè nan Riverbank lan atravè finansman NY Parks 2020 an, ki gen ladan amelyorasyon tèren baskèt yo, mete gazon atifisyèl, amelorasyon nan pis yo, ak nan patinwa pami anpil douzèn lòt pwojè ankò. Pi resaman, Farrell te ede garanti 600,000 dola sibvansyon eta a pou renovasyon sant kiltirèl ki gen 800 plas sa a k ap koute 1 milyon dola.

Amelyorasyon k ap fèt nan Pak Eta Riverbank Denny Farrell la yo refilete angajman Gouvènè Cuomo pran pou l fè revitalizasyon nan sistèm pak eta yo epi agrandi aksè a espas lwazi anplennè yo. Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo a se yon angajman li pran pou li envesti 900 milyon dola nan Pak Eta yo pandan plizyè ane. Bidjè Egzekitif pou lane 2017-18 Gouvènè a repati 120 milyon dola nan inisyativ sa a.

### **Pon Pyeton ki pote non Manm Asanble Herman “Denny” Farrell la**

Gouvènè a te anonse tou, finisman pon pyeton 25 milyon dola ki pase sou otowout vèt Henry Hudson Parkway a nan 151st Street nan Manhattan, sa ki pral ogmante aksè a Pak Fort Washington ak Riverside pou siklis ak pyeton yo, ansanm ak santye a plizyè

izaj 1,207 kilomèt Empire State Trail la, ki pral santye eta ki pi long nan peyi a epi yo prevwa l ap fini an 2020.

Pwojè Pon Pyeton an gen ladan yon pon ki mezire 270 pye nan longè k ap pase sou otowout vèt Henry Hudson Parkway a, ray tren Amtrak la yo nan 151st Street la, ak ranp sou chak kote yo ki konfòm a Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act). Konsepsyon ranp sou bò lès sou bò kote Riverside Drive la gen ladan:

- Mi soutènman ki fèt ak wòch an paman sou bò lès la pou ale ak menm pwendvi an wòch ki la deja;
- Konsepsyon modèn ranp sou bò lwès la ki sitiye sou bò rivyè a;
- Nouvo peyizaj ozalantou kile pon an yo ak dig alès la; epi
- Enstalasyon limyè dyòd liminez (LED).

**John J. Flanagan, ki se Lidè Majorite Sena a, te deklare,** “Pandan plis pase kat deseni, Manm Asanble Herman ‘Denny’ Farrell te devwe lavi li osèvis piblik. Prezans li pral manke nou anpil nan Albany - ni antanke fonksyonè piblik epi jan li se moun ki byen elve. Kantite tan li te pase ap fè odyans sou bidjè yo ak fè deba an detay sou plan depans eta a ak politik li yo te yon resous fenomenal pou nou tout nan Lejislati a. Mwen pa ka panse a yon meyè fason pou nou onore devosyon tout lavi Denny anvè elektè li yo ak eta nou an ot ke dedye pak eta sa a nan non li.”

**Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te di,** “Se te yon lonè pou tout lavi m pou m te sèvi bò kote Denny Farrell nan Asanble Eta a. Li te sèvi elektè li yo ak gran eta nou an ak diyite ak lonè, li te travay pou l gen respè ak admirasyon manm demokrat tankou repibliken yo. Li difisil pou m dekri konbyen Denny te koute chè pou Asanble a. Byenke mwen fyè pou m ede dedye yon pak an lonè Denny, se travay di li te fè pou amelyore eta nou an ki pral simante patrimwàn li. Pandan tout ane Denny te sèvi nan Asanble a yo, li pa te janm bliye sitwayen kominote li a yo ni poukisa yo te chwazi l pou reprezante yo nan Albany. Denny te yon fòs motè dèyè kèk nan inisyativ lejislativ ki pi enpòtan nan New York pandan 40 ane ki sot pase yo epi li te toujou antèt zafè ki konsène bidjè yo ki te ede amelyore lavi anpil milyon sitwayen. Mwen santi m onore pou m jwe yon wòl nan dedikas pak sa nan non Denny epi mwen fyè pou m rele li yon zanmi ak yon kòlèg mwen.”

**Lidè Konferans Demokratik Endepandan (Independent Democratic Conference, IDC) Sena a Jeff Klein te deklare,** “Pandan plis pase 40 an, Manm Asanble Farrell te yon imaj makan nan Albany. Depi lè yo te fenk eli m nan Asanble a, li te an chaj Komite Fason ak Mwayen an epi li te fè deba sou bidjè a chak ane nan manyè byen ekspresif. Prezans li ak konesans li pral byen manke nou anpil li nan Kapitòl la. Toutfwaw, patrimwàn li pral kontinye rete vivan epi atravè onè sa a, elektè li yo ak tout Nouyòkè yo pral sonje gran kontribisyon li te pote nan eta sa a.”

**Andrea Stewart-Cousins, ki se Lidè Demokratik Sena a, te deklare,** “Manm Asanble Herman ‘Denny’ Farrell te devwe lavi li osèvis Eta New York la, epi li sèlman jis pou nou

rekonèt ak onore angajman li te pran. Lè nou nonme Pak Eta Riverbank nan Upper West Side la an lonè Denny Farrell, sa se yon omaj apwopriye pou plis pase 50 ane li te pase osèvis piblik la. Mwen fyè pou m sipòte rekonesans sa a pou Manm Asanble Farrell la epi mwen espere li byen jwi retrèt li byen merite sa a.”

**Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare,** “Felisitasyon a Manm Asanble Eta New York Herman (Denny) Farrell pou plis pase 50 ane li te devwe lavi osèvis piblik la, ki gen ladan 42 zan nan lejislati eta a. Denny se zanmi m pèsònèlman ak se yon konseye modèl epi mwen onore pou m te sèvi avèk li depi lè m te premye antre nan lavi fonksyon piblik la gen plis pase ventan deja. Anpil deseni li te pase osèvis piblik lo yo te enspire anpil nan nou pou nou swiv egzanp li, epi lè nou nonme pak sa an lonè li, nou pral kontinye kenbe patrimwàn li an epi enspire jenerasyon fonksyonè piblik k ap vini an yo.”

**Kontwolè Scott M. Stringer te deklare,** “Pandan plis pase 40 an, katye li an te byen renmen l epi li te yon figi anblematik nan New York. Li ap difisil pou nou jwenn yon lòt moun ki gen yon karyè ekstraòdinè menm jan ak Denny Farrell, epi mwen pa ka panse ak yon meyè omaj pou sèvis li rann pandan tout lavi l la yo ot ke renonme pak sa pou l vin pote non li. Patrimwàn li an pral kontinye rete vivan.”

**Defansè Piblik Vil New York Letitia James te deklare,** “Jodi a nou gen yon opòtinite pou nou onore zèv lavi Denny Farrell la ak tout sa li te fè pou pèp New York la. Denny te yon lidè inovatè, yon defansè pou Vil New York, epi yon enspirasyon pou Demokrat atravè tout eta a yo ak atravè tout peyi a. Se te yon privilèj pou m te travay ak li pandan ane ki sot pase yo, epi mwen felisite Gouvènè Cuomo ak Lejislati a paske yo renonme pak eta monimantal sa an lonè li pou l vin pote non Pak Eta Riverbank Denny Farrell.”

**Komisyonè Pak Eta New York yo (New York State Parks), Rose Harvey te di,** “Nouyòkè yo dwe yon gwo dèt gratitud anvè Manm Asanble Farrell pou lidèchip li, ki gen ladan travay san pran souf li te fè pou l kreye ak amelyore Pak Eta Riverbank lan. Lè nou fè pwèn rasanbleman mèveye, jwaye ak konstriktiv sa a ki nan West Harlem lan pote non li, se yon bèl fason pou nou onore patrimwàn li.”

**Komisyonè Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York, Cathy Calhoun, te di konsa,** “Manm Asanble Denny Farrell te gen yon vizyon pou yon pon nan 151st Street la ki ta pral amelyore kalite lavi kominote a ak rezidan li yo. Mwen vrèman fyè anpil paske gras a Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpò a, vizyon sa te vin yon reyalite.”

###